Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2016 соналъул
7 октябрь
РУЗМАН

№42
(7425)

Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда

Багьа 4 гъур.

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## 5 октябрь - День учителя

**Дорогие педагоги, ветераны педагогического труда!**




Сердечно поздравляю вас с профессиональным праздником-Днем учителя.

Труд педагога-один из самых важных и благородных на Земле. Миссия учителя заключается не только в передаче знаний, а, прежде всего в формировании личности ученика. Педагоги района пользуются заслуженным уважением своих земляков. Ведь мы доверяем вам самое ценное: воспитание и обучение наших детей и внуков.

Желаем учителям и ветеранам педагогического труда крепкого здоровья, успехов, счастья и хорошего настроения.

**Глава муниципального района А.Вечедов**

**5 октября прекрасный праздник - День учителя!**

Мы избрали профессию Педагога. Избрали очень нужную всем профессию - обучать и воспитывать детей. Профессию - главный смысл которой можно выразить словами «Сеять разумное, доброе, вечное». Ребенок вступает в мир через руки учителя, согретые теплом его сердца. Поэтому очень важно, чтобы учительское сердце было здоровым и горящим.

Уважаемые учителя!

Все хорошее, что есть в наших детях, заложено Вами. Уверен, пока живо цивилизованное человечество, мы не сможем обойтись без педагога, учителя.

Давайте сохраним атмосферу уважения и почитания учителя. С праздником! Здоровья, счастья, творческих успехов и благополучия!

**Начальник управления образования района М.Гарунов**

**Уважаемые учителя Цумадинского района!**

Сегодня ваш праздник. Уверен, что вы не зря выбрали свой насыщенный взлетами и падениями путь. Не зря потому, что никто другой не сможет так, как вы, научить ребенка, пришедшего к вам с распахнутой душой и широко открытыми глазами верить в счастье, дружбу, верность, научить его любить учиться, каждое мгновенье открывать для себя что -то новое из необъятной вселенной знаний.

Вы знаете, как помочь маленькому человеку научиться отстаивать свое «Я» и свой взгляд на мир, брать препятствия, которые будут встречаться на его пути. Спасибо вам за ваше терпение и мудрость. И за уроки, которые вы даете. С праздником вас, уважаемые учителя.

**Начальник ВОГОиП по району В.Кофанов**

# МФЦ-пачалихъалъулги халкъалъулги гьоркьохъан



Ахираб заманалда гIемер рагIулеб МФЦялъул хIакъалъулъ нижеца райгазеталда лъагIалил байбихьудаго хъван букIана. Гьеб идараялъе хас гьабураб мина бан рагIаде бахъун букIинчIольиялъ, заманаялъ гьел хIебтIун рукIана банкеталъулаб залалъул минаялъуб. Дагьал цере гьел гочана цIияб минаялде.

«Цогояб гордо» цIар бугониги, гордуцин гьечIел «туснахъаллъун» рукIарал МФЦялъулал гьанже руго гвангъараб гIатIидаб минаялъур, щивав специалистасул буго жинди-жиндир бакIгун бокIон. Гьениб буго электроннияб ирга гьабулеб кьагIидаги. Жидежидер суалалъ ине бокьараз терминалалдасан босулеб буго талон ва, операторалъ ахIизегIан, гIодор чIолел руго гьабаз тахазда.

Централде рачIаразда дандчIвай гьабула ункъо операторалъгун администратор Мадина МухIамадовалъ. ЦIияб идара букIиналъ, гьез тIоцере рачIаразда малъула кин ва щиб гьабизе кколебали. БичIчIулареб суал бугони, гьелъие кумек гьабула юристас.

Нормаялда рекъон, цо операторас анцIго чи къабул гьавизе кколин, амма гьенире рачIунезул къадар цо-цо мехалъ къойида жаниб нусгоясдеги бахунин бицана операторaз.

МФЦялъул специалистал руго халкъалъе хъулухъалъе хIадурлъиги, бажариги ва рекъон кколеб махщелгун лъайги бугел гIолилал.

Централъ гьарулел хъулухъазул хIакъалъулъ диргун гарачIвари гьабуна гьелъул нухмалъулев АхIмад ГIамировас.

**-АхIмад, баркула нужеда цIияб минаялъуре рахъин. Аллагьас рохалида хIалтIизесел ратаги халкъалъе хъулухъалъе. Кина-кинал хъулухъал жакъа къоялъ тIуралел нужер идаралъ?**

-Баркала, амин. ХIаракат бахъила нижеда тIадал ишал ракIбацIцIадго тIуразе. Жакъа къоялде щвезегIан нижеца тIубан буго гIадамазул 7823 хъулухъ. Гьезда гьоркьоса 850-пенсионнияб фондалда, 13-машина бачине ихтияр кьолеб удостоверение хисиялда, 16-миграционнияб хъулухъалда (паспорт кьей, хиси), 275-районалъул жанисел ишазул отделалда, 375-налогазулаб хъулухъалда, 1678-росреестрала ва цогидалги хъулухъазда хурхарал. Кьокьго абуни, жакъа къоялде МФЦялъ тIубала 172 батIияб хъулухъ.

**-АхIмад, дуца рехсарал хъулухъал тIурала жалго гьел идарабаздаги. Щиб хIажат ккун гIадамал рачIине кколел нужехъе, гьебги гьабураб хъулухъалъухъ гIарацги кьун?**

-БитIараб буго. Щивасул ихтияр буго жиндирго къваригIел тIубазе битIахъего идараялде инеги, амма, дуцаго абухъе, киназулго кидаго гуро районалде рекерахъдизе рес букIунеб, гьединлъидал цо нухалъ кодоб паспортгун нижехъе вачIарав ца ахIидал. Гьединго ниж лъабго моцIида жаниб цо нухалъ щола росабалъе, ричIчIизарула нижер хIалтIул тIокIлъаби ва гьенибго хъулухъ тIубазе кумекги гьабула. Щибаб идараялде ун, хъулухъ тIубалаго, букIуна замана къваригIарав специалист хIалтIуда ватичIого, ток гьечIеб яги Интернет хIалтIулареб. Гьеб мехалъ хъулухъ тIубачIого, кIиабизеги вачIине кколев вуго чи. ГьединлъидаI, цебеккун абухъего, цо нухалъ нижехъе вачIарав чи, кIиабизе нижехъе вачIине ккоаро, нижеца ахIун гурони. Нижеца гьев мурад тIубан нахъе витIула, ялъуни хъулухъ тIубай халалъиялъе бугеб гIилла баян гьабула.

Камуларо идарабазда хъулухъ тIубай бехьерхьиялъул хIужаби. Цоцазда гIарзахъдулел рукIин гуреб, законалда рекъон, жидерго ихтияраздаса пайда босизе лъалеб гьечIо гIадамазда. Нижеца гьединал хIужаби риччаларо, нагагь квал-квалал гьаруни, нижеца ахIи бала гьел идарабазде, хIатта прокуратураялде щвезегIанцин.

**-ТIоцее нужехъе дирго хъулухъалъ ячIиндал, дун рази хутIана нужер хIалтIухъабазул гIадамаздехун бугеб бербалагьиялдасан. Рази рукIана нужер хIалтIудаса гьикъа-бакъарал цогидалги. Бугониги, камулел гьечIо хъулухъ тIубаялъул болжал бехьерхьулеб бугин абулелги…**

-ТIоцебесеб иргаялда, ниж кколаро кинаб бугониги хъулухъ тIубалеб (исполнительный) идара.

Ниж руго цохIо гIарзаби ва документал къабул гьарулеб идара. ГIарзаялда рекъон, нижеца гьел ритIула хъулухъ тIубалеб идаралде ва ахиралда гIарзачиясухъе «кьола» гьелъул хIасил. БитIараб буго гIадамазул. Ниж ккола пачалихъалдаги гIарзачиясдаги гьоркьор ругел гьоркьохъаби.




чи, кIиабизе нижехъе вачIине вуго цIараб болжалалда нижелъун бихьизабураб болжалалде гIадамазул хъулухъ тIубазе нижее

ГIагараб ракь лъазаби

# «МугIрузул тIогьал» Москваялдеги щвана



Туризмалде ва гIагараб ракь лъазабиялъе гьарулел тадбирал гIемер руго лъайкьеялда. Тарихияб ракIалдещвей ккола патриотизмалъул кьучIлъун. ГIагараб ракьалъул тарих дагьабниги лъачIони, захIмат букIина наслабазе умумузул мацIги цIарги цIунизе. Лъималазда малъилалда цебе, мугIалимасда жиндагоги лъазе ккела дагьабниги тарих, гьесулги букIине ккола лъаялъул цагъур. Гьеб рахъалъ хIалтIи лъикI гIуцIун буго нилъер районалда. Гьелъул хIасиллъун ккола районалъул тарихалда жаниб тIоцебесеб нухалъ нилъехъ **тIобитIараб республикаялъул педагогазул слеталда нилъер районалъул командаялъ босараб бергьенлъи.**

Районалъул газеталда хъван букIана гIемерал соназ слеталъул «Б» классалда цебе бахъунеб букIараб нилъер районалъул команда, исана Дилималда тIобитIараб республикаялъул туристазул слеталда лъикIал хIасилалги рихьизарун, «А» классалде бачIиналъул. ГьелIьие лъикIаб хIадурлъи гьабурал Шамилгун Мух1амад рихьичIого хутIичIо республикаялъул Лъайкьеялъулгун гIелмуялъул министерствоялъул ва туризмалъул централъул хIакимзабазда.

Августалъул ахиралда Москваялда тIобитIана ТIолгороссиялъул педагогазул слет. Гьениб гIахьаллъараб Дагъистаналъул командаялда гьоркьор рук1ана Хуштада ва ТIисси росабазул школазул мугIалимзаби МухIамад МухIамадов ва Шамил ГIалимухIамадов.

Москваялде иналде цебе гьез туризмалъул ва гIагараб ракь лъазабиялъул муниципалиял этапазул больаби нахъе тана. «МугIалимзабазул къайицIа туристазулалде хисизин» абураб ахIиялда гьоркь сапар бухьана гьез республикаялъул «МугIрузул тIогьал» командагун цадахъ улкаялъул тахшагьаралде. Гьениб гьезие чаналиго номинациялда щвана тIоцебесеб ва призалъулал бакIал.

Гьал къояз редакциялде рачIун рукIарал гьез загьир гьаруна Москваялда тIобитIараб слеталъул хIакьалъулъ жидерго пикраби.

**Шамил ГIалимухIамадов:** -Дица, тIоцебесеб иргаялда баркала кьола туризмалдегун гIагараб ракь лъазабиялде дилъ рокьи бижизабурал дир мугIалимзаби-краеведал МухIамадов АсхIабие ва гьесул вас МухIамадие. Районалъул туристазул команда бергьиналъе ва лъикIаб рахьалдаса нилъер цIар ргIизабиялъе квербакъараллъун ккола гьел. Баркала буго республикаялъул гIаммаб командаялде ниж рачарал РЦДЮТиКалъул нухмалъулезе. ХутIараб абизе ргIи кьела МухIамад АсхIабовичасе…

**МухIамад МухIамадов:** -Дицаги рахъ ккола Шамилица абуралъул. Баркала Москваялде сапар бухьизе нижее квербакъи гьабуразе.

Дие цIакъ рокьула инсуца дарсида рехсолел рукIарал Альберт Эйнштейнил «Буго жиндирго гIумру гьабиялъул кIиго къагIида. ТIоцебесебкинабгIаги хIикмалъи гьечIеб гIадин. КIиабилеб-дунялалда кинабго хIикмалъи бугеб гIадин» абурал рагIаби. Жибго гIумру буго хIикмат.

МугIалимзабазул туристикияб слет, киб тIобитIулеб букIаниги, ккола спорт ва сахаб гIумру гьабиялъул къагIида тIаса бищарал гIадамал данделъулеб, цIиял лъай-хъваял кколеб, гьезул гьудуллъи ва вацлъи щулалъулеб, командаялъул гIахьалчагIи цоцае хIалае рахъунеб бакI. Командаялъулаб цоцае кумек гьаби ва букъунеб кквей ккола мугIалимасулги, кьокъадул цевехъанасулги, туристасулги аслиял хасиятазул цояб. Жиндир командаялъул иш цо рахънибе цIан, щивасул бугеб бажари-хIалбихьиги хIисабалде босун, цебехун бачунесул букIуна бергьенлъиги, цебетIейги.

Амма дицаго рикIкIуна, мугIалимзабазул слеталда босараб бергьенлъи гуреб, цоцазулъ бухьен ккввей, пишацоязул педагогикиябгун туристикияб хIалбихьи гIахьал гьаби, нилъерго лъаялъул даража борхи кколин аслиябилан.

Бищун аслияб буго Россиялъулго даражаялда нилъер гьитIинаб ЦIумада районалъул цIар ргIизаби: печаталдасан ва телевидениялдасан квешаб рахьалдасан гурони нилъ лъаларел гIемер ратана слеталда. Слеталъул тIоцебесеб къоялъ нижедехун рокьукъаб бербалагьи букIана гIемерисезул, амма хадусел къояз гьезда бичIчIана жал думалъго мекъи рукIин, къаси кватIизегIан нижеда асклосан нахъе унел рукIинчIо гьел. «Унго гьадинабищха Дагъистан бугеб?-ан абураб суал кьолеб букIана гьез, нижер видеоматериалазухъ балагьидал. Гьедин ана кьецазул щуябго къо...

Туристал хIадур рукIине ккола бокьараб тохлъукьего ккараб ишалде, хIажалъула алатазул ва лъаялъул нахърател цадахъ букIине. Слеталъул щибаб номинациялда хIажалъула лъай, пагьму, творческияб махщел ва гь.ц. Номинациял рукIуна цо-цо бакIазда тIоритIизе шартIал гьечIолъиялъ кIвар кьоларел. Нижеего захIмалъана хьуцIилъан кьватIиве «унтарав» вачин. РукIана кьецал нижеца бергьенлъабигун призалъулал бакIал росарал, камичIо ниж нахъе ккарал номинациялги.

ТIадегIанаб категориялъул судьяби рукIаниги, гьениб кьимат кьолеб ва лъолеб букIана компьютералъ. Щивасда ралел рукIана микрочипал ва гьез тIолабго информация кьолеб букIана бетIераб компьютералде. Гьединлъидал, хIилла-макру гьабизе гьениб рес букIинчIо.

Слеталъул аслияб мурад букIана лъайкьеялъул хIалтIухъабазда гьоркьоб туризмгун гIагараб ракь лъазаби машгьур гьаби ва цебетIезаби, церетIурал туристазул хIалбихьиял лъазари, туризм сахгьариялъул профилактика хIисабалда хIалтIизаби. ТIоцебесеб нухалъ гьединаб даражаялъул слеталда гIахьаллъарал ниж ругониги, абила гьел масъалаби слеталъ тIуранин.

Дун вохарав вуго Дагъистаналъул командаялда гьоркьор гIахьаллъизе нижее рес щвеялдаса ва, цебеккун абухъе, нилъер район лъаларезда лъазабизе. Марий Эл Республикаялъул ва Красноярск краялъул командаби, кьураб рагIиги ккун, сентябралъул байбихьуда щвана МахIачхъалаялде. Хадусеб сапаралъ нилъер районалде рачIине рагIи кьуна гьез. Гьеб гурищ бугеб слеталъул аслияб мурад тIубай?

«ГIалхулаб» Дагъистанги ЦIумада районги гьезул бераздалъун гIалхулабльун гуреб, ракълилаб, гьудуллъи ва вацлъи хирияблъун бихьизаби. Узухъда, районалда ва Москваялда тIоритIарал слетазда гьоркьоб гIемераб батIалъи буго. Гьеб рахъ дагьабги лъикIлъиялда хьул буго гьанже нилъер районалдаги республикаялъул даражаялъул слетги тIобитIидал, лъайкьеялъул министерствоялъулгун ва туризмалъулгун гIагараб ракь лъазабулезул централъулазда бихьана нилъер бакI, ругел шартIал жеги лъикIлъизариялъе ресал ратизе квербакъилин ракIалде ккола. Кьокьго абуни, ЦIумада район жакъаялдаса нахъе букIине буго туризмалъулгун гIагараб ракь лъазабиялъул рахьалъ цебесеб кьерда. Нижеца гьелъие хIаракат бахъизе буго.

Районалъул гIолилазда хитIаб хIисабалда абила гIагараб ракьалъул тарих лъазабеян, рахьдал мацI цIунеян, спорталъулгун гьудуллъи кквеян.

# МФЦ-пачалихъалъулги халкъалъулги гьоркьохъан

1



Ниж кколаро кколебги кколаребги бакIалда гIарац босулел гьоркьохъабиги. Инсанасул хъулухъги тIубалел, гьесул ихтиярлги цIунулев, хIажалъи ккараб бакIалда гьесда цебеса бокьараб справкаби бакIарулев, гьесда цевесан кивго векерахъдизеги кколев «гьоркьохъан» рихине кколаро абураб пикру буго дирго, амма щибав чиясул жинди-жиндир букIинарищха пикруги.

ГьабсагIат киназулго кIалдиб бугеб рагIи буго «зеленка» ва эбелалъулаб сертификат. Гьебго суал буго дурги-минаялъегун ракьалъе пачалихъияб хъвайхъвагIай гьаби, ай, «зеленка» щвей. Ракьалъул ва мулкалъул (мина, дача ва гь.ц.) пачалихъияб хъвай-хъвагIай гьабизе ккани, чан бакIалде ине кколев чи? Хъвай-хъвагIаялъул палата буго Болъихъ, Кадастралъулаб буго МахIачхъалаялда. «Зеленка» щвезе ккани, хIажалъула кадастралъулаб паспорт, гьеби щвезе ккани, МахIачхъалаялдасан рачIине ккола спутникалдасан суратал рахьун, гIорхъидулаб (межевой) план хIадур гьабулел кадастралъулал инженерал. Бихьулеб букIахъе, МахIачхъалаялдасан хасал специалисталги ахIун, чан бакIалде мунго ине кколей йигей. КигIанго кьучIаб къагIидаялъ документал дуца хIадурун рукIаниги, гIорхъидулаб план мекъи букIин бихьизабунахъа спутникалъ. Гьеб буго рукъ бараб ракь минаби разе бегьулеб, рукъ сверухъ бугеб ракь росдал магIишаталъул тайпаялде гьоркье кколел рукIун, ккарал ричIчIунгутIиял. ГьелIьие Агъвали ва Хуштада росабазул администрациялдасан кьезе ккола росдал магIишаталъулаб категориялде гьорлъе кколел ракьал минаби разе бегьулеб категориялде рачанин абураб кагъат ва гьеб (росдал магIишаталъул) категориялде гьорлъе кколеб ракьул участокалъе гьабураб документ.

Ихтияр чIезабулеб документ мекъи гьабун богони, гьеб суал тIубай бехьерхьизабула моцIаз гуреб, лъагIелазги. Гьеб гуребги, къанагIатаблъун кколаро документал рилизариги. ХIисаб гьабеха гIадамазул холел ругел нервабазулги, гIарцулги ва заманалъулги.

Гьабураб хъулухъалъухъ босулеб гIарац ккола гIицIго пачалихъияб пошлина ва гьелдасан терминалалъ кколеб процентги. Гьеби гIадамаз жидецаго жанибеги кьун, нижехъе бачIуна квитанция. Гьелдалъун гьесул хIалтIиги лъугIула ва хадусеб сапар нижехъе бухьула хIадурал документазда хадуб.

**-АхIмад, кинал ругел нужер хIалтIулъ хадуркунисел планал?**

Нижер аслияб масъала буго халкъалъе гьабулеб хъулухъ гIужда ва тIадегIанаб даражаялда гьаби. ЦохIо халкъалъе гуребги, МФЦялъул бигьалъи буго жалго пачалихъиял идарабазеги. Кьоялъ кьваригIелалъ рачIунел гIадамаз гIемер квал-квал гьабулеб букIана гьел идарабазул хIалтIулъ. ХIалтIул кьойилаб масъалалъун ккола пачалихъиял идарабигун цадахъ рекъон хIалтIи ва халкъалъул нижедехун бугеб божилъи цIикIкIинаби. ХIаракат бахъила хIалтIи ракIбацIцIадго, гIадамал разияб хIалалъ тIубазе.

Бажарараб гьабизе буго нижехъе вачIанщинасул хъулухъ тIубазе. Хъулухъ ккарав чи живго вачIине ккела босун паспортгун нижехъе, цогидазул хъулухъ тIубазе рачIунезухъ букIине ккела доверенность.

**-АхIмад, баркала гара-чIвариялъухъ. Гьабулеб данде бильъаги, хабар лъикIаб рагIаги.**

Гьумер хIадур гьабуна **Х.Залимхановалъ**

**5 октября-День учителя**

## Неиссякаемой энергии педагог



Шамсудинова Патимат Магомедовна замечательный, талантливый педагог с 45-летним стажем. В жизни ребенка огромную роль играет учитель начальных классов. Она воспитала не одно поколение, в этом году у нее был одиннадцатый выпуск. Для Патимат каждый ребенок за четыре года становится родным. Можно сказать, что Патимат Шамсудинова все двадцать четыре часа в сутки занята школьными делами. С первых дней она присматривается к талантливым детям, старается помочь отстающим в учебе.

Девиз ее работы: «Гении не падают с неба, они должны иметь возможность образоваться и развиваться». Наверное, по этому ее класс 1(а) стал победителем конкурса «Лучший класс», ее ученица Узлипат Саидова стала «Лучшим учеником-2016».

На районной олимпиаде, посвященной памяти Салтанат Иманшапиевой ее ученики стали победителями всех трех олимпиад.

Учащиеся принимают активное участие во многих конкурсах, которые проводятся в районе и в республике. П.Шамсудиновой за заслуги в области просвещения присвоены высокие звания «Заслуженный учитель РД», «Старший учитель», «Отличник народного образования».

Учителя начальных классов не устают удивляться ее неиссякаемой энергии, жизнелюбию, умению сплотить коллектив и зажечь своими идеями детей и родителей.

В коллективе ее называют «вечно молодой Шамсудиновой». В этом году у нее был юбилей. Желаем ей здоровья, благополучия в семье, а также многих профессиональных идей.

…………………..

## Педагогика ее призвание



По окончании факультета начальных классов Дагестанского пединститута, Абакарова Зубейжат Абдулкадыровна, проработав год в Кванадинской СОШ была направлена в свою родную школу учителем начальных классов.

Абакарова человек очень чувствительный ко всему новому и перспективному, готовый разглядеть и поддержать любую полезную идею. Показателем ее работы является участие ее учеников в мероприятиях различного уровня и часто ее ученики становятся победителями и призерами школьных, районных республиканских конкурсов. Ее ученики- постоянные участники олимпиады «Плюс».

Ее 4 (в) класс является одним из лучших классов по успеваемости и дисциплине.

Коллеги по работе глубоко ценят и уважают Зубайжат Абдулкадыровну за открытость и отзывчивость, за готовность помочь в решении самых разных методических и исследовательность проблем.

-Педагогика-это моѐ призвание. Вот короткий ответ Зубейжат на вопрос почему она стала педагогом. И это так!

**Патимат Иманшапиева, завуч начальных классов АСОШ**

# Инсул хIакъалъулъ ракIи

Гьаб сураталда вихьулев чи ккола гIумру дол соназ унголъунги къадру-къиматаблъун букIараб мугIалимасул хIалтIуе къурав, 1914 соналъ Сасикь росулъ гьавурав Идрис МухIамадов, районалда тIоцере диплом щварал мугIалимзабазул цояв. Гьесул захIматалъулаб стажалъул география гIатIидаб буго Аваристаналда: пишацоязги цIалдохъабазги жиндир адаб-хIурмат гьабун Идрис МухIамадовичилан абулеб букIарав гьес дарсал кьун руго нилъер, Хунзахъ, Хьаргаби, Унсоколо, КъахIиб районазда.

Идрис гьавун вуго Беццав МухIамад абурав узденав векьарухъанасул хъизаналда. Лъимерлъиялда цIалун вуго сасикьдерил мадрасаялда. Араб гIасруялъул къоабилел соназул ахиралда цин ликбезалда, хадув школалда цIалун, 1928 соналъ гьеб лъугIизабула. Живго щуабилеб классалъул цIалдохъан, къад школалда цIалун, къаси ликбезалда росдал гIадамазе дарсал кьолев вукIун вуго. Жиндирго цIали-«хIалтIуда» цадахъго Хъараласул МухIамад абурав гIараб гIелму цIаларав чиясухъ исламияб гIелмуги цIалун буго. ЦIалиялда цадахъго Чачаналде хIалтIизе ун яшавалъе эбел-инсуе квербакъи гьабулаан Идрисица. ГIолохъанго гьелги хун хутIарав Идрис, Хизри абулев кIудияв вацасул бербалагьиялде ккола.

1931 соналде щвезегIан ликбезалда, цIияб рагьараб школалда хIалтIула гьев, цадахъго исламиябги гIелмуги цIалун. 1936 соналъ вац Хизрица Буйнакскиялда рагьараб Авар педучилищеялде цIализе кьола Идрис районалдаса анцIго-анцIила щугогIанасев чигун цадахъ. ЦIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарун, киназего мисалалъе вачунаанин эменилан бицунаан гьесда цадахъ цIаларал цIумадисез.

Буйнакскиялда цIалун хадуб, ГIараниб бугеб филиалалде витIула гьев. Гьенир дарсал кьолаан ЦIадаса ХIамзатил вас МухIамадица ва аваразул драматургиялъе аслу лъурав Раджаб ДинмухIамаевас. Гьев кIиявго КIудияб ВатIанияб рагъда хвана. ЦIумадаса цIализе араб къокъаялдаса педучилище лъугIун, 1940 соналъ тIоцере дипломал щваразул цояллъун рикIкIуна эменги Эчедасайищ яги РичIагьанихъайищ лъаларо, Гъазияв абулев чиги.

Мех- мехалда насихIаталъе живго ХIамзатги вачIунаанин бицунаан инсуца, гьесул цIакъ асар гьабулеб хабар букIулаанин. МахIачхъалаялде щведал, сордо базе жив ХIамзатихъе унаанила. Гьесул рокъор гIемерал магIарулал рукIулаанила батIи- батIияб хъулухъаз тахшагьаралде рачIарал. Бежулеб, бельулеб махI, азбаралда гьутIбузда рухьун хIамул, бакI-бакIалда лъун хулжал, пандургун ахIулел кучIдул- магIарул росдал сипат букIулаанила шагьар бакьулъ бугеб халкъияв поэт- депутатасул рукъалъул.

1940-43 соназ эмен хIалтIана Хъварцi школалъул директорлъун. Гьенисан витIула КIудияб ВатIанияб рагъде. ЛъагIел рагъдаги бан, тохтурзабазул комиссиялъ рокъове витIизе хIукму къотIарав эмен, тIадвуссуна бокьулеб пишаялде. 1944 соналдаса 1948 соналъул ахиралде щвезегIан хIалтIула Кванхи росдал школалъул завучлъун. Гьенив хIалтIулеб заманалъул бицине цIакъ бокьулаан гьесие, гIемерал лъикIал гIадамазулгун гьудуллъи ккана жиндиран. ГIемер бицунаан



гьес доб заманалъ школалъул директорлъун вукIарав Гькавариса Сажидилгун, Кванхиса гIалимзаби Абубакар ва Мухтарилгун жиндирго букIараб вацлъиялъулаб гьоркьоблъиялъул.

Атеистазул зулму цIикIкIараб заман букIиналъ ва живги учитель вукIиналъ батулила, кванхисезда ккун букIун бугила живги атеист ватилин. Жинца как рукъалъул нуцIаги жанисан рахан балаанила. Гьеб лъарав Абубакар дибирас живги Сажидги гIахьал гьарун жамагIат гьабун как балеб бальгояб рукъ гIуцIун букIанила. Имамлъиги цин Абубакарица цин Сажидица гьабулаанила гьев кIиявго гIалимзаби рукIанила. Инсуца бицулаан жидеда цо нухалда бацI батанила жал как базе данделъулеб бакIалда аскIоб кьижун. Гьоралъул тIохдаса бетIералда жинца речIчIараб гамачI щун, бацI гIатIхун буго ва гьеб бигьилалде, кIалдиб кварица тIилги бухьун, гьес гьеб кванхисезул годекIанибе бехьерхьун буго.

Эмен Кванхи хIалтIулеб заманалъ гьениве школалда хIалтIизе витIун вачIун вуго Гьакавариса Халитил Расул. КIудияб гьудуллъи букIана гьев кIиясулго дунял тезегIан. Сажидги гьесул вас Камилги дир инсул лъикIал гьобол-гьудуллъи бугел гIадамал рукIана .

1948 соналъ эмен витIун вуго Хьаргаби районалъул Могъохъ росдал школалъе нухмалъи гьабизе. Гьанжегигьениса ригь арал гIадамал дандчIвани, кIудияб хIурматалда рехсола магъхъадерица гьесул цIар. Могъохъ хIалтIулаго Чараниласул МухIаммад абурав лъикI гIараб гIелму лъалев чиясулгун лъай - хъвай ккун буго инсул. Божа- рокьиялде иш араб мехалъ, Чаранилас инсуе рагьун буго бальго жинца нахъе цIунун бугеб ХIоцоса Нажмудин имамасул тIахьазул цIураб рукъ. РакI басандилеб букIанин ургьиб гьев кIудияв гIалимасул тIахьазда квер хъвайдал абулаан мунагьал чураяв инсуца.

Могъохъ жив хIалтIулеб заманаялъ гIадаб ракьи кидаго бихьичIин абулаан инсуца. Бакъ бухIараб сон букIун, тIощел цIакъ хира букIанила. Жинжир моцIрол харж букIанила нусиялда кIикъоялда анцIго гьурущ, пурчIинаялъул кьалиялъул багьа баханила нусиялда лъабкъого гьурщиде. Щуго чи вугеб хъизаналъе цIакъ захIмат букIанила хъизан хьихьизе, росдал гIадамаз пихьидалъун, рахь- нисоялдалъун кумек гьабулаанила жидее.

1951-52 соналъ дагъабго заманалъ Унсоколо, Хунзахъ районазда школазе нухмалъи гьабизе тIадкьала гьесда. 1952-56 соназ эмен хIалтIана Силди, Гьакъо, Кьеди байбихьул школазда. Учителасул захIмат, харж дагъаб букIаниги, гIадамаз кьимат гьабулеб букIанила лъаялде гьезул бугеб гIищкъуялъ. Силдисез жиндие бищунго лъикIаб бакIалда бекьизе хурги кьунила, боцIи хьихьизеги кумек гьабулаанила. Гьединго букIанила Гьакъоги, Кьедиги, хадубккун жив хIалтIизе ккарал Гьорк ва ТIадхъварщини росабалъги.

Эмен Силди хIалтIулел соназ, гьение учительлъун хIалтIизе витIун вачIанила школа лъугIарав ХIажиев Бадави - Дагъистаналъул лъай кьеялъул вукIинесев министр абун бицуна дир кIудияв вац Султаница. Гьев эмен гьечIев вукIанила, цадахъ хIалтIулебгIан заманаялъ инсуца Бадави жиндир рокъове вахъизавун жиндирго васазда цадахъ яшав гьабун чIезавунила. КIудияб хIурмат гьабулаан Бадави СагIидовичас инсул, гьев унтараб мехалъ ваккизе вачIулаан, цогидаб бажарараб кумекги гьабулаан дир эбел- инсуе.

1956 соналдаса нахъе эмен хIалтIана Сасикь школалда авар мацIалъулгун байбихьул классазул учительлъун, 1974-80 соназ Хасавюрт районалъул ЦIияб Сасикь школалда. Жиндирго бокьулеб хIалтIи гьес тана кIиябго бералдаса канлъи индал. Гьесул педагогикияб ирс босана васал Султаница-1961 соналдаса 2010 соналде щвезегIан учительлъун хIалтIарав ва АхIмадица. АхIмадил яс Раисат, вас МухIамадил яс Манарша гьабсагIатги гьеб хIалтIуда руго.

Инсул захIматалъул кьимат гьабун, пачалихъалъ гьесие кьун буго чанго медаль ва рикIкIен гIемерал ХIурматалъул грамотаби. Бищун кIудияб шапакъатлъун гьес рикIкIунаан гIадамаз ва пишацояз жиндие кьураб кьимат, гьабураб адаб-хIурмат, бальгого жинца Къуръан цIализе мальараз кьураб баркала.

Кийго жинда цадахъ гочулей, гьел сапаразул захIмалъи баччизе жиндие кверабакъулаанила нижер эбелалъ, Кванхи хIалтIулаго данделъарай инсул гIумрудул гьудул Зайнабица. Гьел кIиязго цадахъ халатаб ва талихIаб гIумру бана.

**Идрисил вас АхIмадил ракIалдещвеязул хъвай-хъвагIаязасан хъвана МухIамад Къасумовас.**

«Редакция газеты «ЦIумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редакторасул бак1алда ЗАЛИМХАНОВА ХАДИЖАТ МУХIАМАДОВНА

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2000 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электроннияб адрес: Golostsumady@mail.ru

# МугIалимзабазул наслу

-Дун гIадатияв МугIалим вуго,-ян абизе тIубараб ихтияр буго Гъоркьгьакавариса ГIабдулкарим Насрудиновасул. Лъабкъого сон мугIалимлъиялъе кьурав гьев, киданиги вукIинчIо паровозалдасан цеве векерун, цогидазда малъаризе лъугьун, кIичIа-гьетIи бокьулевлъун. Гьединавлъун хутIана гьев жиндирго цIалдохъабазегун пишацоязе жакъа къоялде щвезегIан. МугIалимлъиялде рокьи бижизабурал жиндирго ва росулъго тIоцересел руччаби-мугIалимзаби Куракгун Жавгьарат ругин гьелъие «гIайибиялллъун» рикIкIунеб буго гьес.

1956 соналъ Агъвали школаги лъугIизабун, хIалтIизе вачIуна ГIабдулкарим гIагараб росулъе. Ва гьелдаса нахъе ДГУялда цIалулел соназцин рехун течIин вуго мугIалимасул хIалтIи.

Насрудиновазул тухумалъул мугIалимзабазулаб гъотIол байбихьиялъул кьалбаллъун кколел, гьелъие кьучI лъурал гьесул ункъачоби Курак, Жавгьарат ва БатIинал ирс босарав ГIабдулкарим КъурамухIамадович жакъаги лъикIаб жаналда гIун бачIунеб гIелалъе химиялъул дарсал кьолев вуго гIагараб росдал школалда. Щибаб дарсиде гьев, тIоцебесеб нухалъ унев гIадин, хIадурлъулин жакъагиян бицана гьесул пишацояз, гIемерал мугIалимзабазул насихIатчилъун живго вугониги. ЦIалдохъабазда чанги ракIалдаса унарел дарсал кьуна гьес жиндир гIумруялда, чанги тIоритIана гьудуллъиялъулал дандчIваял цогидал росабазул школлъималгун, рухьана сапарал тIабигIаталъухъе «гьоболлъухъе», гIуцIана химиялъулгун биологиялъул «байрамал».

ГI.Насрудиновасул мугIалимасулаб чIва босана чанги гьесул цIалдохъанас, жидерго мугIалимасе баркала хIисабалда, биологиялъулгун химиялъул мугIалимзабилъунги рахъун.

-МустахIикъаб хIалхьиялде ине цебего мех щваниги, бокьулеб хIалтIиги, гIагараб коллективги рехун тезе ракIалъе бокьулеб гьечIин вугоан ГIабдулкарим КъурамухIамадович. ЧIалгIунги ватила дун пишацоязда, амма дагьалъги хIехьеха дунилан абулаан дица гьезда,-янги абун велъана гьев. БичIчIулеб иш буго гIагараб коллективалъе гьев насихIатчи хIажат вукIин, ва щиб суалгун гьесда аскIоре ани, мурад тIубачIого жал нахъе руссунареблъи. ГIодове виччан, сабургo малъула гьес цIалдохъабазда дарсги, кьола гIолохъанал специалистазе малъа-хъваялги. ХIукуматалъул рахъалдасан гIемерсоназулаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ шапакъатазул цIад бачIониги, бищун кIудияб шапакъатлъун гьес рикIкIуна пишацоязулгун цIалдохъабазул баркала, байрамкъоял баркун, кагътал хъван, телалъ ахIун, бухьен ккве й. ЦIалдохъаби гурелги, гьесул лъималги ана инсул нухдасан: ясал ХIалимат, ХIабизат ва БатIина рахъана мугIалимзабилъун ва хIалтIана гIагараб росдал школалда.

Бокьун буго ГIабдулкарим КъурамухIамадовичасда баркизе мугIалимасул махщалилаб байрам-Учителасул къо, гьаризе гьесие щулияб сахлъи, жеги гIемерал соназ районалъул лъайкьеялда цогидазе мисалияв насихIатчилъун хутIи ва баркала цIикIкIарал цIалдохъаби гIемерлъи.



........................................................

Насрудиновазул педагогазул тухумалъул цогидав, авар мацIалъулгун адабиялъул мугIалим ШагьрурамаЗан лъаларев чи районалда гуревги ватиларо авар мацI бокьулезда гьоркьов. ШагьрурамаЗан КъурамухIамадовичасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIараб чанги тадбиразулда гIахьаллъизе рес ккана дие ва гьел рукIана дида гурелги, цIалдохъабаздагун гьалбадеридаги кIочон толарел лахIзаталлъун, цогидазги мисал босун, такрар гьаризе бегьулеллъун. КIикъоялда анцIгоялдасанги цIикIкIарал соназ хIалтIулев вуго гьев гIагараб росулъ авар мацIалъулгун адабияталъул мугIалимлъун. Гьес жиндирго мугIалим- насихIатчи Расул Закарьяевич Халидовасул цIар кьураб кабинет рикIкIуна районалдаго бищун лъикIаздасан цояблъун. Гьесул хIалтIул аслияб принцип буго лъималазе цIализе гьира баледухъ дарс кьей. Гьеб гьесухъан лъикI бажарула. БитIахъе авартеатралде щвараб асар лъугьуна гьесул артистасулаб каламалъ малъулеб дарсихъ гIенеккидал.

МугIалимасул хIалтIуде рокьи гьесулъги жиндирго ункъачобазгун яц Марьямица бижизабунин бицана ШагьрурамаЗаница. Цо къо арабгIанги лъачIого, анин гIумрудул лъабкъоялда анцIила щуго сон, гьездасан мугIалимлъиялъе кьураб кIикъоялда анцIила щугогиян гIумрудул хIасил бачунеб гIадин, пикрабалъеги ун, абуна гьес. Пикрабалъе арав гьесухъ балагьидал, кколеб букIана гьев дида дандвитIун гурев, классалда жанив, доскаялда цеве эхетун, цIалдохъабазе дарс кьолев вугин.

ТIадегIанаб категориялъул мугIалим ШагьрурамаЗан Насрудиновасулги, кIудияв вац ГIабдулкаримилго гIадин, чанги цIалдохъан вахъана мугIалимлъунги, батIи-батIиял махщелазул специалисталлъунги. Жакъаги бухьен тIезе биччачIел цIалдохъаби жиндир рукIиналдаса рохел ва чIухIи бахчизе хIаракат бахъулаго бицунаан гьес.

Лъайкьеялъул идарабаз кьурал грамотаздасанги кьиматаблъун рикIкIунеб буго гьесги жиндирго пишацояздa гьоркьоб бугеб къадру-къиматги, цIалдохъабазул бугеб адаб-хIурматги. ХIалтIул хIасиллъун ккола гьесулги лъималаз инсул ирс боси: васал Мурад, МухIамад ва яс Зулмираца бищана мугIалимасул махщел ва хIалтIулел рукIана мугIалимзабилъун.

Бокьун буго ШагьрурамаЗанида мугIалимасул байрамалда цадахъго гIумрудул лъабкъоялда анцIила щуго сон тIубайги баркулаго, гьаризе чорхое щулияб сахлъи, жеги анцI-анцI соназул халатаб гIумру, ракълилаб зоб ва аслияб жо-данде лъикIаб жаваб гьабулел цIалдохъаби.

**Нижер мухбир**

## Лъазаби

3 октябралдаса нахъе Агъвалисан МахIачхъалаялдегун Хасавюрталде ва нахъе хьвадулел маршруткабазул график:
1.Агъвали-МахIачхъала 6.30-7.30
2.Агъвали-Хасавюрт 6.30-7.30
3.Агъвали-МахIачхъала 13.00-13.30

* * *

1.МахIачхъала-Агъвали 6.30-7.30
2.Хасавюрт-Агъвали 6.30-7.30
3.МахIачхъала-Агъвали 13.00-13.30

Министерство транспорта, энергетики и связи Республики Дагестан объявляет о наборе желающих трудоустроиться из числа жителей республики в возрасте от 20 до 35 лет на должность проводника пассажирского вагона 3 разряда. Ежемесячная заработная плата проводников составляет 15-18 тысяч рублей.

Срок обучения по профессии составляет 3 месяца, в т.ч. 2 месяца - теория 1 месяц - практическая подготовка (поездная практика). Желающие могут обратиться в ЦЗН.

**М. Магомедова,** инспектор ЦЗН

Райбольницаялъул коллективалъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго ГучучгIалиева Хатида гьелъул хирияй эбел

**БатIина**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьелъул мунагьал чураги, рухI иманалда бахьун батаги.

«Теремок» ахалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго ГучучгIалиев МухIамадида гьесул хирияй эбел

**БатIина**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей ахиратальул лъикIлъабаздалъун йохизаюн ятаги. Нахъ бугеб гIагарлъиялъе иманияб сабруги кьеги.

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул ва УСЗНалъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго ПатIимат ва АхIмад МухIамадовазда гьезул хирияй кIодоэбел

**БатIина**

хвеялда бан. Аллагьас гьелъие Алжан насиб гьабеги. Нахъ бугеб кьолбол гIагарлъиялъе иманияб сабруги кьеги.